www.esa-conference.ru

# Aral ekologiyalıq apatshılıqtıń Qaraqalpaqstan Respublikası jámiyetshiliginiń kúndelikli qáwpine aynalǵan máseleleri social-filosofiyalı q ilimlerdiń izertlew obekti sıpatında

Мухаммедиярова Акмарал Жанабаевна, докторант
Каракалпакский Государственный Университет имени Бердаха (г. Нукус)

*Изучение и исследования негативного влияния Аральской экологической катастрофы на повседневную жизнь каракалпакского народа необходимо рассматривать в аспекте социально-философской науки. Автор считает, что задачи, поставленные перед общественностью Республики Каракалпакстан необходимо уже решать не на словах, а на деле.*

***Ключевые слова:*** *экология, экологические проблемы, Аральская катастрофа, антропогенное воздействие на среду обитания, природа.*

Keleshek - áwladlardıń ómir súriwi, jasawınıń normal dárejede ámelge asıwı olardıń óz bolmısınıń tábiyiy tiykarlarınıń problemaların hám qarsılıqların tabıslı sheshiwin talap etedi.

Ekologiyanıń bul hám basqa da jer júzlik jámiyetshiliktiń kúndelikli qáwpine aynalǵan máseleleri ilimniń hár túrli baǵdarlarınıń izertlew obektine aylanıp otır. Olardı keńirek analizlewge urınbay-aq, aytıp ótemiz, bul problemanıń ámeliy aspektleri adam bolmısınıń málim social-ekonomikalıq hám mádeniy sistemalarınıń tábiyatı arqalı iyiledi.

Bul boyınsha Aral hám Aral jaǵalawları problemması keskinlesken globallıq problemalar, ásirese házirgi ekologiyalıq problemalar shegarasında ayrıqshalıqqa iye. Sebebi tábiyatqa antropogenlik tásirdiń hádden tısqarı kúsheyiwinen adam menen tábiyat arasındaǵı múnásibettiń sáykessizligi payda etken aqıbetler qadaǵalawdıń shegarasınan shıǵıp ketti.

Aqırı, Aral teńizi hám Aral jaǵalawları problemması tábiyattıń rawajlanıw nızamlıqların mudamı esapqa almawdıń nátiyjesi. Oraylıq Aziyanıń hámme aymaqları boyınsha elatlı punktlerge, egislik jerlerge, sanaat kárxanalarına h.t.b. suw jetkiziwdi ámelge asırıw ushın suw menen támiyinlew sistemasınıń intensiv dárejede qurılıwı bul apatshılıqtıń tiykarǵı sebebi bolıp tabıladı. Birinshi Prezidentimiz jazadı: «Oraylıq Aziya regionı ekologiyalıq apatshılıqtıń eń qáwipli zonasına aynalǵanın ayanıshlı sezim menen atap ótiwimizge boladı. Jaǵdaydıń quramalılıǵı tek ǵana bul mashqalanıń birneshe onlaǵan jıllar dawamında toplanıp qalǵanlıǵına pisent etilmesten qalıp qoyǵanlıǵında emes, bul regionda adamnıń ómir súriw hám kún kórisiniń barlıq tárepleri tolıq ekologiyalıq qáwip astında qalǵanlıǵında bolıp otır. Tábiyattıń ózine ústemlik penen, páslik penen qatnas jasawdı boyına sińire almaytuǵınlıǵına biz óz tájiriybemizde kórip bilip atırmız» [3, c. 111-112].

Aral hám Aral jaǵalawları problemması tek ǵana jer júzlik birge islesiwdiń ulıwma kúsh salıwı menen ǵana ámelge asıwı múmkin. Kerisinshe awhalda ekologiyalıq apatshılıqtıń tarqalıw zonası jańa territoriyalarǵa qaray óziniń baǵdarın keńeyte beredi. Bul óziniń aldın-ala boljaw qıyın aqıbetleri menen, sonday-aq, olardı irkiwdiń gumanlılıǵı menen, durısıraǵı, múmkin emesligi menen qáwipli.

Usı sebepli de Aral hám Aral jaǵalawları zonasındaǵı ekologiyalıq kriziстiń ózgesheliklerin, ótlesiwlerin tábiyat penen jámiyettiń óz-ara tásiriniń tiykarǵı parametrleriniń kontekstinde analizlew júdá zárúrli. Bul aqırı, praktikalıq talap. Aral hám Aral jaǵalawlarındaǵı ekologiyalıq jaǵdaydı qánshelli jan-jaqlama úyrensek, eń aldı menen xalıqtıń nawqasınıń, ólimshiliginiń túrlerindegi ulıwmalıqtı anıqlawǵa, sonday-aq, adamlardıń jasawınıń, ómir súriwiniń regionallıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda optimallastırıwdıń jolların ańlawǵa imkaniyat beredi.

Burınǵı Awqam tusında Aral teńizi basseyniniń suwǵarıw processi awıl xojalıǵı óndirisine hám gidromeliorativlik qurılısqa iri investiciyalar menen tiykarınan regionallıq mápten góre Oraydıń mápi kózde tutılǵan halda ekosistema suwǵarıwdıń awılxojalıǵın ximiyalandırıw menen ushlasıwındaǵı, sonday-aq, antropogenlik tásirdiń basqa da túrleri menen birliktegi jaǵdayında kúsheyiwi boldı.

Bunday strategiya suwdı kóp talap etetuǵın óndiristi iske asırdı. Bul boyınsha paxtanıń hám salınıń monokulturası dáryanıń suwın tiykarınan suwǵarıwǵa qaray baǵdarladı. Onıń ústine, awhal sonday dárejege jetti, melioraciya ushın qolaysız jerler hám ózlestirile berdi. Jobalastırıwlar bolsa jiyi-jiyi tómen sapaǵa iye boldı hám suwǵarılatuǵın maydanlardı keńeyte beriwge qaratıldı.

Suwdı paydalanıwda qadaǵalawsızlıq hám teginlik praktikası iske astı hám bul suwdı effektiv paydalanbaw ushın tiykar boldı.

Óndiriwshi kúshlerdiń rawajlanıwı tiykarınan antiekologiyalıq baǵdarǵa iye boldı. Eń aldı menen awılxojalıǵında shiyki zat tayarlaw tayar ónimdi islep shıǵarıwdan góre áhmiyetlirek esaplandı. Bulardıń hámmesi eń sońında Aral krizisine alıp keldi.

Aral teńizi basseyniniń búginligindegi awhalına hám oǵan tiyisli tábiyiy ortalıq rawajlanıw dinamikasına názer salar ekenbiz, ekologiyalıq situaciyanıń ótlesiwiniń dawam etip atırǵanlıǵınıń guwası bolamız. Aral problemması region xalqınıń social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısında tez hám ornıqlı sheshpese bolmaytuǵın jańa problemalardı payda etpekte.

Aral problemasın sheshiwge baylanıslı sońǵı jılllar barısında birneshe proektler usınılǵanı belgili. Bulardıń bir toparı problemanı Aral basseyniniń ishki resursları, ekinshisi, kerisinshe, Aral basseyninen sırtqı resurslar esabınan sheshiwdi maqullaydı. Olardıń hesh qaysısı da artıqmashılıqlar menen málim kemshiliklerge iye bolǵanlıǵı sebepli real turmısqa engizilgeni joq.

Durıs, ǵárezsizlik jıllarında ekologiyalıq qáwipsizlikti támiynlewdiń jańa mámleketlik sistemasın iske asırıw, qorshaǵan ortanı hám tábiyattı qorǵawdı basqarıw máseleleri shıntlap qolǵa alındı. Basqasha aytqanda, qorshaǵan ortanı qorǵaw, tábiyiy ortanı aqılǵa muwapıq dárejede paydalanıwǵa baylanıslı mámleketlik siyasattıń izbe-iz ámelge asırılıwı dárejesinde kóp ǵana ilajlar iske túsip atır. Máselen, «Ózbekstan Respublikasınıń jer haqqındaǵı kodeksi» (1998 j. 598-I sanı), «Tábiyattı qorǵaw haqqında» (1992), «Jer astı paydalı qazılmaları haqqında» (1994), «Atmosferalıq hawanı qorǵaw haqqında» (1997) h.t.b. nızamlar háreket etpekte [6].

Usılar menen birge sonı atap ótiwimiz zárúrli, Qaraqalpaqstan Respublikası bir neshe on jıllıqlar dawamında

tábiyattı paydalanıwdıń shiyki zatlıq sisteması húkim surgen zona bolar eken, onda qorshaǵan ortaǵa texnogenlik júkleme kúshli boldı hám ol joqarı ekstremallıq parametrge iye boldı. Sol sebepli de, Qaraqalpaqstanda búginliginde ekologiyalıq situaciyanıń túpkilikli dárejede jaqsılanǵanlıǵı tuwralı gáp bolıwı múmkin emes. Aqırı, ekologiyalıq situaciya burıngıday tábiyiy sistemalardıń degradaciyası menen xarakterlenedi. Bul jaǵday ekosistemanıń turaqlılıǵın boldıra almadı. Nátiyjede ekosistema sociumnıń normal dárejedegi issheńligin qollap-quwatlap turatuǵın qorshaǵan ortanıń múmkinshiliklerine unamsız tásir etedi.

Qaraqalpaqstan territoriyasınıń 70 procenti shorlanǵanlıǵı hám sahraǵa aynalǵanlıǵı heshkimge de sır emes. Duz aralas shańnıń tarqalıwınıń ózi-aq 15 kilometr joqarını, 200 kilometrge qaptaldı qamtıp tur. Alımlardıń pikirinshe, jıl sayın 150 million tonna shań hawaǵa kóterilip, óziniń tarqalıw parametrin 800-1000 kilometrge jetkizip turadı eken [4, c. 34].

Aral teńiziniń qurıwınıń aqıbetinde joq bolıp ketken toǵaylardı, ósimliklerdiń, qus hám haywanlardıń kóp ǵana túrlerin aytpaǵannıń ózinde Qızılqumdaǵı hám Ústirttiń shıǵıs bólegindegi ósimlikler júdá siyreksip qaldı. Bul mal sharwashılıǵı ushın júdá qıyın jaǵday. Maldıń jayılıp júrip jeytuǵın birneshe million tonna ot-shóbi joq bolıwǵa qaradı degen sóz. Deltanıń ósimlikler qatlamınıń buzılıwın aytpaǵannıń ózinde qanshama qalıń qamıslıqlardıń birneshe massivleri joq bolıp ketti. Áyyemgi dáwirden berli úlkeniń sáni bolǵan qalıń toǵaylıqlar siyrep, qurıw aldında.

Aral jaǵalawları deltasınıń sahraǵa aynalıwı menen Qaraqalpaqstan faunanıń da kóp túrlerinen mahrum boldı desek, shep bolmas. Ásirese, waqtında birneshe mıń centnerge deyin awlaw imkaniyatı bolǵan ixtiofaunanıń jıldan-jılǵa páseyip derlik joq bolıp baratırǵanlıǵı pútin bir xalıqtıń kún-kórinisiniń bir dáreginen ayrılıp baslaǵanın ańlatadı.

Úlkede ıqlımnıń ózgerisi – báhárdiń kóbirek kesh túsiwi, jazdıń hádden tısqarı ıssılıǵı, qıstıń uzaqqa sozılıwı, paxta, salınıń, sonday-aq, basqa da eginlerdiń waqtında pisiwine unamsız tásir etpekte. Al 2000-2002 suwsızlıq jılları sebepli Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń málim bólegi jasaw jaǵdayınıń awırlıǵınan ázelden jasap kiyatırǵan atamákanların taslap, basqa jerlerge kóshiwge májbúr boldı [1, s. 2]. Házirgi kúnniń bul hám basqa da realiyleri tiykarında Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq krizistiń ótlesiwiniń málim parametrlerin analizlew talap etiledi.

Izertlewimizdiń barısında tábiyattıń hám jámiyettiń óz-ara baylanısı, ásirese tábiyattıń adamlardıń kúndelikli bolmısına tásiri boyınsha xalıqtıń pikirlewlerinde kóp ǵana ulıwmalıqtı kóriw múmkin. Onıń ústine, máwsimlerdiń túsiwine baylanıslı qolaysızlıqlar júdá ashıq túrde atalıp ótiledi. Máselen, máwsimlerdiń kesh ya erte túsiwi menen baylanıslı, báhárdiń úlkede turaqsızlaw, geyde bárin astan-kesten qılıp túsiwi ǵana emes, al onıń ádetten tısqarılıǵın jıldan-jılǵa túngi, azangı ayazdıń ya ıqlımnıń birden ózgeriwin názerde tuta otırıp, báhárdiń túsiwi kóp jaǵdayda aldamshı dep tastıyıqlanadı. Negizinde usınday tájiriybeler adamlardı boljawǵa da ákeledi, sonday-aq, olardıń pikiri - eger jaz onshelli ıssı emes, salqın bolsa, qıs biraz ólpeń keledi, salqın báhár hám jaz gúzdiń biraz ólpeń keliwiniń nıshanı - deyiledi.

Demek, bul boljawlar insannıń kúndelikli bolmısı ushın qáwipli situaciyanıń payda bolǵanlıǵın, onıń ústine, bul máseleniń stixiyalı sheshiliwi múmkin emesligin tastıyqlaydı. Sonıń tiykarında biziń qaraqalpaq xalqınıń aldında tańlawdıń eki variantı turadı:

1 - ya húkim súrip turǵan tábiyat penen óz-ara tásirdi saqlaw;

2 - ya iskerliktiń tipin ózgertiw, sonday-aq, biosferanı tirishilik ushın jaramlı jaǵdayǵa keltiriw.

Biziń pikirimizshe, birinshi varianttı ılayıq dep is tutıw bolsa, bul ekologiyalıq apatshılıqqa qaray baǵdarlanıw degen sóz.

Álbette, ekinshi variant maqul deb oylamız. Biraq ol tábiyatqa baylanıslı tariyxıy qáliplesip qalǵan adam iskerliginiń túrlerin qayta qurıwdı talap etedi. Al bul obektiv hám subektiv tártiptegi belgili sharayyat, faktorlardıń ámelge asırılıwı menen baylanıslı. Basqasha aytqanda, problema materiallıq turmıstıń da, ruwhıy turmıstıń da jańa ustanovkaların qáliplestiriwdi talap etedi. Bul boyınsha jerdi onıń iyelerine – jer miynetkeshlerine - fermerlerge tapsırılıwı orınlı hám áhmiyetli dep oylaymız.

Bul jerde, pikirimizshe, bir momentti yadtan shıǵarmawımız kerek. Adamlardıń ózleriniń sociallıq qatnasların real iyelew processi olardıń tábiyat hám jámiyettiń óz-ara gárezliligin sanalı túrde túsiniwge imkaniyat berip qoymastan olarda jańa talaplardı hám qáliplestiredi. Bul talaplarda, baslanǵısh dárejede bolsa da, tábiyattı total dárejede ózgertiwge baǵdarlanıw emes, al onıń menen adamzat iskerliginiń barlıq tarmaqların sáykeslendiriw názerde tutıladı, sebebi, ázelden jer, suw jámáá, suwdı satıw gúná, olardı birge jámáá bolıp paydalanbasa bolmaydı. Eger jer, suw jeke menshikke aynalsa, adamlar arasında kiykiljiń, patırat baslanadı.

Hámmelerge belgili, Qaraqalpaqstan ázelden suwı parawan, demek, balıǵı mol, balıqshılıq xalıqtıń kún-kórisiniń birden-bir dáregi bolǵan region sıpatında dańqqa iye. Ań, qusınıń kópligi tillerde dástan bolǵanlıǵın biykarlay almaysań…

Taǵı bir áhmiyetli momentti atap ótemiz. Xalıqtıń kún-kórisiniń, jasawınıń barlıq sferalarınıń rawajlanıwı onıń qarım-qatnaslarınıń ishinde de, sırtında da iskerlik hám uqıplarınıń, sonday-aq, olardıń nátiyjeleriniń úzliksiz almasıwın talap etedi. Bul processtiń normal ótiwi xalıqtıń ózin-ózi ańlawın, sonday-aq, onıń wákilleriniń talap hám mápleriniń pútkil baylıǵınıń jámiyetlik qayta óndiriliwin ámelge asıradı. Usı sebepli de pútkil bul process xalıqtıń, onıń wákilleriniń sociallıq qubılıs sıpatında ózlerindeyler menen birge jasaw hám iskerlikti ámelge asırıwdıń áhmiyetli shárti bolıp tabıladı.

Al pútkil bir xalıqtıń kún-kórisiniń málim túrlerinen júdá bolıwı, demek onıń nátiyjeleri menen basqa ózindey xalıqlar menen iskerliklerin normal almastırıwdan qalıwı onıń rawajlanıwına júdá hám unamsız tásir etedi. Oǵan mısal, artıǵıraq bolsa da, qaytalaymız: balıqshılıqtıń qaraqalpaqlarda kún-kóristiń málim bir dáregi sıpatında ómir súriwiniń júdá páseyip ketkenligi. «Ámiwdáryadan teńizge túsetuǵın suw resurslarınıń keskin azayıwınan 1980-jılı Aral teńizinen balıq awlaw toqtatıldı. 1982-jılı birinshi mártebe Aral teńizine Ámiwdáryanıń suwı jetpedi. Usınıń ózi bioresurslardıń nabıt bolıwına alıp keldi. Buǵan dáryanıń quyar jerine toplanǵan drenaj suwları óz tásiyrin tiygizdi. 2000-2001 jılları keskin suwsızlıqtıń nátiyjesinde dáryanıń quyar jerinde ulıwma maydanı 300 mıń gektar bolǵan sayız kóller quwrap qaldı hám 2000-jılı respublikada 1100 tonna ǵana balıq awlandı. Bul 1995 jılǵa salıstırǵanda 1112 tonnaǵa kem» [5, c. 2].

Balıqshılıq ázelden xalıqta diyxanshılıq, mal sharwashılıǵı, qus ósiriwshilik, pal hárresin baǵıw, toǵay hám digirman tartıw xojalıǵı menen birge jetekshi gáziyne bolıp esaplanadı. Bul gáziynelerge óz úlesin qosqan adamǵa Alla tárepinen tek bul dúnyada emes, al o dúnyada hám aman-esenlik, saw-salamatlıq hám tınıshlıq wáde etilgen.

Sonı da aytıwımız kerek, qaraqalpaqlarda ázelden kúndelikli bolmıstıń, turmıs obrazınıń tiykarı jıldıń máwsimleri menen ólshestirilgen: «Úsh ay qawınım, úsh ay sawınım, úsh ay qabaǵım, úsh ay shabaǵım».

ЕВРАЗИЙСКОЕ НАУЧНОЕ ОБЪЕДИНЕНИЕ
EURASIAN SCIENTIFIC ASSOCIATION
www.esa-conference.ru

Bárshege ayan, sońǵı jılları Qaraqalpaqstan jaǵdayında qawın, asqabaq, palawqabaqtı h.t.b. egip jetildiriwde payda bolǵan mashqala – shıbınnıń túsiwinen diyxanlar ele tolıq qutıla almay atır. Axırı, shıbındı qawınǵa túsirmew ushın oǵan záhárli ximikatlardı qollanıw kútilgen nátiyjeni bermey atır. Záhár isletilip pisken qawınlar óziniń tábiyiy halatında pisken qásiyetlerinen mahrum bolmaqta hám bul jaǵday densawlıq ushın da qáwipli.

Haqıyqatlıǵında, qawınnıń hám asqabaq, palawqabaqtıń hámme waqıt awqatlanıwımızdıń quramlas bólegi bolǵanın, onıń ústine, asqazan-ishek, sidik-jınısıy, júrek-qan tamır h.t.b. nawqaslıqlar ushın shıpalıq qásiyetlerge iye ekenligin heshkim de biykarlay almasa kerek.

Solay etip, adamnıń densawlıǵınıń halatı jámiyettiń tábiyatqa qatnasınıń tiykarǵı kriteriyi. Anaw ya mınaw sociallıq dúzim hám onıń pútkil atributı eń aldı menen adamnıń densawlıǵına, onıń óziniń sociallıq qatnasların, erkinligin iyelewdegi múmkinshilikleri, uqıplarına baylanıslı tábiyiy ortaǵa qatnası boyınsha bahalanadı.

Álbette, joqarıda aytılǵanlar Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq krizistiń ótlesiwi boyınsha jıynalǵan barlıq materiallardı qamtıy almaydı. Bul problemalar keleshektegi izertlewlerdiń obekti sıpatında qaralıwı shárt dep oylaymız. Sonıń menen birgelikte, bizlerdiń pikirimizshe, Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq krizistiń ótlesiwin sheshiwdiń qıyınshılıqların esapqa ala otırıp, aldımızǵa tómendegi kórsetilgen wazıypalardı sheshiw áhmiyetliligin kórsetiwimiz kerek:

- Respublikamızda ekologiyalıq krizistiń ótlesip ketiw sebeplerin social-filosofiyalıq kóz-qarastan analizlew, sonday-aq, házirgi biziń mámlekette bolıp atırǵan ózgerislerdi dıqqatqa alıp;
- xalqımızdıń turmıs tárzisin úyreniw;
- adamlardıń ómirinde salamatlı turmıs haqqındaǵı kóz-qaraslarıń qáliplestiriw, onıń jańadan jolların hám qurallarıń tabıwǵa mólshelep;
- Qaraqalpaqstan Respublikada ekologiyalıq, sanitariyalıq, epidemiologiyalıq qadaǵalawdı iske túsirip onı jaqsılawǵa jańadan usıllardı tabıw;
- joqarı, orta arnawlı hám orta oqıw orınlarında ekologiyalıq mádeniyattıń tiykarın ózlestiriw boyınsha fakultativler shólkemlestiriw aqılǵa uǵras kelse kerek.

Joqarıdaǵı kórsetilgen máseleler boyınsha xalqımız arasında konkret sociologiyalıq izertlewlerdi jılında 3-4 tórt márte ótkiziliwi shárt dep pikirleymiz. Bizlerdiń pikirimizshe, gápten iske ótiw waqtı keldi.

Литература:

1. Аширбеков У. Экологические и социально-экономические аспекты Южного Приаралья // Вести Каракалпакстана. №43 (166-79 28 мая 2002 г).
2. Ибрагимов М. Некоторые вопросы усовершенствования результатов работ в Агропромышленном комплексе // Еркин Каракалпакстан. 2007 г. 14 апреля.
3. Каримов И. Узбекистан на пороге XXI века: угрозы безопасности, условия устойчивости и перспективы развития. Нукус: «Каракалпакстан», 1998.
4. Омонов Б., Худайбердиев Б. Значение методов экологического мониторинга в контроле за современным положением Приаральского региона // Экологический вестник. 2009. №6. С. 34.
5. Юсупов К. Вопросы развития рыболовного и водного хозяйств при безводности Амударьи // Еркин Каракалпакстан. 23-февраля 2010 года.
6. http://www.lex.uz/acts